



**RESEAU NATIONAL DE DÉFENSE DES DROITS HUMAINS (RNDDH)**  
**REZO NASYONAL POU DEFANN DWA MOUN**  
**NATIONAL HUMAN RIGHTS DEFENSE NETWORK**

Membre de la  
**fidh**

**NEWS**  
**RELEASE**

## COMMUNIQUE DE PRESSE

**CONTACTER :** Rosy Auguste Ducéna  
**BUREAU :** (509)2813-1848 / 3755-9591  
**PORTABLE :** (509) 3782-2897

---

### **RNDDH koube l byen ba devan lanmò jounalis militant Dwa Moun lan, Liliane PIERRE-PAUL**

---

1. Nan dat 31 jiyè 2023, jounalis militant dwa moun Liliane PIERRE-PAUL mouri apre yon kriz kadyak selon fanmi li.
2. *Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun* nan lapenn akoz yon potorik fanm ki ale kite nou avan lè, yon militant dwa moun ki fè anpil sakrifis pou penmèt dwa demokratik yo sou baz respè ak reyalizasyon dwa moun yo boujonnen nan yon peyi li te renmen anpil.
3. Fidèl nan lit pou respekte libète piblik yo, jounalis militant dwa moun nan Liliane PIERRE-PAUL, pa t janm rate yon okazyon, pandan tout karyè li, pou l raple dwa libète ekspresyon, dwa pou vote, dwa pou poze kandida ak garanti jidisyè yo se rezilta batay manch long jenerasyon pase yo epi ki dwe rete vivan nan ansanm valè ak prensip sosyete a.
4. Jounalis militant dwa moun Liliane PIERRE-PAUL te toujou kanpe bò kote RNDDH pou ede l chache solisyon nan moman tèt chaje yo.
5. RNDDH pèdi yon bon zanmi, yon alye fidèl ki ap toujou rete nan kè nou pou jan li ede nou, konseye nou depi lè òganizasyon an egziste.
6. Staf RNDDH la mete l byen ba devan lanmò jounalis militant dwa moun nan epi prezante kondoleyans bay tout fanmi l espesyalman manman li, sè ak frè li, pitit gason li, pitit fi li, pitit pitit li yo ak tout kòlèg ak zanmi li yo.
7. Lanmò Liliane PIERRE-PAUL kite yon gwo vid nan kè anpil moun ki pap janm tande 4è sonnen menm jan ankò.

Pòtoprens, premye out 2023